

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Kabudayaan ngawengku sakabéh kahirupan manusa di sakuliah dunya, ti mimiti kahirupan manusa anu primitif nepi ka modérn, nu ngawujud kana kabiasaan-kabiasaan manusa dina ngalarung kahirupanana. Nurutkeun Sumardjo (2011, kc. 3), ari kabudayaan Sunda bisa dihartikeun minangka sistem ajén- inajén, koléktip masarakat Sunda nu dirarancang tina basa, paripolah, artépak, jeung kasenianana. Kasenian minangka salah sahiji hasil kabudayaan anu umumna dipiboga ku sakabéh manusa anu ngawujud kana kabiasaan-kabiasaan dina nepikeun éksprési atawa kereteg angen-angen dina ngahontal tujuan pikeun méré kasugemaan batin, sarta média pikeun ngadeukeutkeun diri ka Pangéran. Kasenian Sunda nu aya di Jawa Barat kawilang euyeub tur boga ciri has dina unggal kasenianana, boh anu patali jeung tradisi Sunda, boh anu kapangaruhan ku budaya lianna ogé kasenian anu aya patalina jeung agama Islam atawa agama séjénna. Salasahiji kasenian anu masih aya di tatar Sunda, utamana di Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut, nyaéta kasenian Bangréng.

Garut minangka salah sahiji kabupatén anu aya di Provinsi Jawa Barat. Lokasina teu pati jauh jeung Kabupatén Bandung, di Kabupatén Garut aya anu kaasup bagéan ti Kacamatan Cilawu. Aya kasenian anu masih dijaga tur aktip digelarkeun dina unggal pagelaranna nyaéta acara sunatan jeung nikahan.

Kasenian Bangréng, mangrupa ébréhan tina kahirupan masarakat Sunda anu patali jeung sumebarna agama Islam di tatar Sunda. Salian ti éta, kasenian bangréng jadi jalan pikeun ngabebener urang Sunda jaman harita. Istilah bangréng nyaéta tina kecap “terbang” jeung “ronggéng”. Aya ajén-inajén moral anu dipintonkeun dina ungal acarana, anu awalna diayakeun di Kabupatén Sumedang mangaruhan ka wilayah séjénna nyaéta saperti Bangréng anu aya di Kabupatén Garut (Ria Intani T: 2020, kc. 66).

Kadieunakeun, aya hiji pintonan masarakat di Cilawu anu ngagunakeun alat kasenian terebang, dina éta pintonan aya jalma anu ngamat mahluk goib anu

diasupkeun ka nu nongton. Balukarna nu nongton aya nu kasarumahan atawa karaksukan mahluk dina unggal pintonanana nu ngajadikeun kasang tukang ieu panalungtikan.

Ayana parobahan jeung kamajuan jaman di éra globalisasi, loba dampak nu karasa sacara langsung, boh éta dampak positip boh dampak anu négatip. Positipna, ku ayana kamajuan jaman di éra révolusi 5.0, aksés kana sagala widang bisa leuwih gampang. Ngan disagédéngéun éta, pangaruh nu kawilang gedé jeung nu jadi pikiraneun nyaéta dampak négatip nu timbul ti éra revolusi ieu.

Dampak négatip nu karasa tina ayana parobahan jaman ieu nyaéta leungitna moral atawa robahna karakter masarakat. Masalah-masalah ieu timbul di unggal kalangan, ti mimiti barudak, rumaja, nepi ka nu dewasa. Karakter bangsa Indonésia salaku bangsa anu boga tatakrama, sopan, santun, toléransi, jeung gotong royong. Kiwari karakter éta téh geus mimiti ngurangan. Ku kituna, dihangkeutkeun deui atikan-atikan ngeunaan karakter. dina kasenian Bangréng aya sababaraha hiji atikan karakter jeung ajén moral *Catur Diri Insan* nyaéta manusa onjoy (manusa unggul), pengkuh agamana (*spiritual quotient*), luhur élmunana (*intellectual quotient*), jembar budayana (*emosional quotient*), sarta rancagé gawéna (*actional quotient*) (Sudaryat, 2015, kc, 85). Angkeuhan karakterna nyaéta manusa anu taat kana hukum, boh hukum agama, boh hukum nagara, jeung hukum adat. Nyanghulu ka hukum, nunjang ka nagara, mupakat ka balaréa. Ku kituna, catur diri manusa nyoko kana moral kamanusaan (MM) nu jadi sawangan hirup urang Sunda, nyaéta (1) sawangan hirup manusa ka dirina, (2) sawangan hirup ka papada manusa jeung lingkungan masarakat, 3) sawangan hirup manusa kana alam, (4) sawangan hirup manusa ka Pangéran, (5) sawangan manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung kasugemaan batin (Sudaryat, 2015, kc, 85)

Karakter téh kawilang penting pikeun nyieun pondasi dina ngawangun kualitas diri. Hiji jalma bisa disebutkeun boga karakter, saupamana tingkah lakuna saluyu jeung ajén agama katut darigama. Hal ieu luyu jeung paribasa masarakat Sunda nu dijadikeun cecekelan dina ngajalankeun hirupna, nyaéta *silih asih silih asah silih asuh* ditambahan ku *silih wawangi*. Ieu paribasa téh boga ma'na nu jero nu bisa dilarapkeun dina diri manusa sangkan jadi karakter diri. *Silih asih* nyaéta tékad;

silih asah nyaéta ucapan; jeung *silih asuh* nyaéta lampah (Sumardjo, 2015, kc. 66). Karakter mangrupa hal anu hésé dirobah, iwal ti ngawangun karakterna ti leuleutik. Kulawarga nu jadi media nu pertama dina ngawangun karakterna. Atikan karakter aya patalina jeung atikan moral, nu mana tujuanana pikeun ngawangun jeung ngalatih kamampuh jalma sangkan leuwih hadé. Hal ieu saluyu jeung katerangan Lickona (Sudaryat, 2015, kc, 65) nu nétélakeun yén atikan karakter mangrupa usaha nu dihaja pikeun ngarojong jalma dina maham, ngartikeun jeung ngalakukeun ajén-ajén anu utama.

Atikan karakter mutlak teu ngan sakur diperlukeun di sakola wungkul, tapi di lingkungan kulawarga (imah) jeung di lingkungan masarakat atawa sosial (Prasetyo dina Dewi, 2014, kc, 65). Atikan karakter ieu boga tujuan ngawangun pribadi anu tangguh boga rasa toléransi, ahlak nu hadé, sarta nuwuhkeun deui gotong royong nu saluyu jeung kapribadian bangsa. Atikan karakter teu ngan sakur diajarkeun ngaliwatan ajaran husus karakter, kaagamaan jeung budi pangarti atawa pangajaran kawarganagaraan wungkul. Tapi wujud tina atikan karakter bisa ogé ditempo dina karya kasenian nu aya di sabudeureunana.

Atikan karakter téh bisa aya dina rupa-rupa widang salasahijina kasenian Bangréng. Aya sababaraha panalungtikan nu sawidang ngeunaan Bangréng, nyaéta : *Nilai Budaya Balutan Kasenian Bangreng*, (Ria Intani T ; 2020, kc 17). Rusmalinda, Linda (2017) *Ajén Budaya dina Kasenian Bangréng di Kecamatan Cilawu Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran Maca Kelas XI; Estetika Tari Pada Jenis Kesenian Bangréng di Sumedang*, (Sopian Hadi dan Lili Suparli); *Perubahan Struktur Penyajian dan Fungsi Seni Bangreng pada Lingkung Seni Giri Asih di Kecamatan Salawu* (Asyifa Gustia Noer, 2019, kc, 93).

Sasaran ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta nganalisis ulikan sémiotik nu aya dina kasenian Bangréng, nyaéta hal-hal nu aya dina igel (tarian) atawa gerakan tari, alat musik, nu nyindén jeung sajabana nu aya dina Bangréng, ma'na atawa tanda. Bédana, ieu panalungtikan téh ngébréhkeun atawa nétélakeun, ogé nganalisis maksud jeung tujuan nu aya dina kasenian Bangréng nu sok dipatalikeun jeung ulikan Struktural jeung étnopedagogi.

Kulantaran aya hal-hal nu can kadéskripsikeun patali jeung kasenian bangréng, masih perlu panalungtikan ngeunaan éta kasenian. Éta sababna, ieu panalungtikan nu judulna “Kasenian Bangréng di Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut (Ulikan Struktural, Sémiotik, jeung Étnopédagogik) perlu dilaksanakeun.

1.1. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus diébréhkeun, aya sababaraha masalah nu nyampak, saperti ieu di handap :

- a. Ayana gambaran jeung struktur prosési pidangan Kasenian Bangréng di Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut;
- b. Ayana unsur sémiotik nu aya dina prosési Kasenian Bangréng di Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut;
- c. Ayana ajén étnopédagogi nu aya dina Kasenian Bangréng di Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut; jeung
- d. Ayana fungsi sosial Kasenian Bangréng di Kacamatan Cilawu;

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah dina ieu panalungtikan bisa ditepikeun dina wangun pananya ieu dihandap :

- a. Kumaha gambaran jeung Struktur prosési pidangan Kasenian Bangréng di Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut?
- b. Unsur-unsur sémiotik naon waé anu aya dina prosési Kasenian Bangréng di Kecamatan Cilawu Kabupatén Garut?
- c. Ajén Étnopédagogik naon waé anu aya dina Kasenian Bangréng di Kecamatan Cilawu Kabupatén Garut?
- d. Naon fungsi Sosial Kasenian Bangréng nu aya di Kecamatan Cilawu Kabupatén Garut?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan dibagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Anapon tujuan umum jeung tujuan husus ieu panalungtikan diébréhkeun masing-masing ieu di handap:

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngaguar kasenian Bangréng nu aya di Kecamatan Cilawu Kabupatén Garut dina ulikan struktural, sémiotik, jeung étnopédagogik.

1.3.2 Tujuan Husus

Sangkan leuwih jéntré tina tujuan umum, dituliskeun tujuan husus panalungtikan nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah. Tujuan hususna pikeun ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta :

- a. Gambaran jeung struktur prosési pidangan Kasenian Bangréng di Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut;
- b. Unsur sémiotik nu aya dina prosési Kasenian Bangréng di Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut;
- c. Ajén étnopédagogi nu aya dina Kasenian Bangréng di Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut; jeung
- d. Fungsi sosial Kasenian Bangréng nu aya di Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut;

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu bisa dicangking tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngalengkepan widang sastra jeung atikan, hususna ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan ajén atikan karakter atawa ma'na nu nyampak dina karya seni, hususna dina kasenian Bangréng, boh pikeun masyarakat atawa pikeun ajén-inajén murid di sakola.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh atawa paélmaan pikeun balaréa saperti pikeun kasénian, antropologi budaya, sarta bisa jadi salasihiji sumber référénsi ngeunaan kasenian Bangréng nu aya di Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut pikeun tiori panalungtikan séjénna.

1.4.2 Manfaat Kawijakan

Tina segi kawijakan, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun dasar ku Pamaréntah pikeun leuwih wanoh, miara, ngamumulé, jeung ngungkab kasenian nu sumebar di Kabupatén Garut, hususna nu patali jeung sajarah kamekaran pamaréntahan jeung kamekaran kabudayaan di Kabupaten Garut. Hal ieu téh diguar dina PERBUP Kab. Garut No. 64 Tahun 2016 ngeunaan Tugas, Fungsi jeung Tata Kerja Dinas Pariwisata jeung Kabudayaan Kabupaten Garut.

1.4.3 Manfaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan téh bisa méré manfaat pikeun panalungtik, guru, jeung murid. Panalungtik meunang pangalaman anyar dina maham jeung ngulik kasenian Bangréng di Kabupaten Garut. Pikeun panalungtik, saterusna dipiharep hasil ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun sumber référénsi nu patali jeung kasenian. Pikeun guru bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kasenian Bangréng di Kabupatén Garut, pikeun murid sangkan bisa maham kana kasenian Bangréng, dimumulé tur dijaga.

1.4.4. Manfaat Isu jeung Aksi Sosial

Disawang tina segi manfaat isu jeung aksi sosial, ieu hasil panalungtikan téh dipiharep nambahan bahan literasi anu aya patalina jeung budaya, hususna kasenian bangréng di Kabupatén Garut. Salian ti éta, ieu hasil panalungtikan ogé dipiharep bisa méré gambaran kahirupan sosial masarakat di Kabupatén Garut, hususna di Kacamatan Cilawu.

1.5 Raraga Tulisan

Struktur organisasi tulisan dina ieu tésis ngawengku lima bab, jéntréna saperti kieu.

Bab I Bubuka, dina ieu bab didadarkeun kalawan jéntré kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah anu jadi ambahan panalungtikan, tujuan umum jeung husus anu dipiharep bisa kahontal ku ieu panalungtikan, manfaat anu bisa dicokot tina ieu panalungtikan, boh sacara tioritis boh sacara praktis, wangenan

operasional variabel anu dipaké dina panalungtikan, jeung sistematika laporan panalungtikan.

Bab II Ulikan Pustaka, Panalungtikan Saméméhna jeung Raraga Mikir, dina ieu bab dipedar sajumlahing konsép poko anu dipaké tatapakan panalungtikan pikeun nyawang jeung mesék masalah-masalah anu ditalungtik. Éta konsép poko téh sumberna tina buku-buku atawa bahan bacaan séjén anu luyu (*relevan*) jeung masalah panalungtikan sarta dijieun rujukan konséptual jeung tioritis. dina ieu bab bakal diguar naon anu dimaksud Bangréng, ulikan struktur, semiotik jeung étnopédagogi sakumaha pamanggih para ahli dina éta widang, sarta kumaha dipakéna éta tiori enggoning ngabedah bahan panalungtikan nurutkeun ulikan nu patali jeung tiori nyaéta ngeunaan : (1) kasenian tradisional; (2) struktural; (3) sémiotik; jeung (4) étnopédagogi.

Bab III Metodeu Panalungtikan, dina ieu bab bakal dijéntrékeun desain panalungtikan sangkan kagambar kumaha alur panalungtikan anu bakal digarap, ti mimiti pamarekan panalungtikan anu dilarapkeun, métode panalungtikan anu digunakeun, prosés mekarkeun instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, distribusi data, sarta kumaha prosedur atawa léngkah- léngkah panalungtikanana.

Bab IV Hasil jeung Pedaran Panalungtikan, dina ieu bab didéskrripsikeun hasil panalungtikan anu didasaran ku rumusan masalah dina bab dua, anu dianalisis jeung didéskrripsikeun. Satuluyna di pedar sakumaha hasil panalungtikan, kalawan jéntré bakal didadarkeun struktur prosési pidangan Kasenian Bangréng, unsur-unsur sémiotik, ajén étnopédagogi jeung fungsi sosial Kasenian Bangréng nu aya di Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut.

Bab V Hasil kacindekan jeung Saran, dina ieu bab bakal ditembrakkeun kacindekkan tina hasil panalungtikan sarta ditepikeun ogé sawatara saran patali jeung hasil panalungtikan, pangpangna rékoméndasi naon baé kagunaan ieu hasil panalungtikan téh.